



**Jidisyè Nyoudjèze  
Depatman Koze Familyal**

**Kijan pou prepare pou Dènye Odyans sou Lòd  
Entèdiksyon/Kontrent pwoche nan ka Vyolans Familyal**

Preparing for a Domestic Violence Final Restraining Order Hearing - Haitian Creole

Enfòmasyon nan dokiman sa a ap founi nou ak enfòmasyon epi direktiv de baz itil ba ni Pleyan ak Akize a sou kisa pou nou atann nou lè nap asiste yon odyans pou yon Lòd Definitif Entèdiksyon/kontrent Pwoche (Final Restraining Order/FRO). Enfòmasyon a konbine nan yon grenn dokiman paske kèk seksyon nan materyèl la gen pou wè ak toude pati yo. An plis, pou prezève transparans, chak pati ava konnen ki enfòmasyon yo chak resevwa.

Yon fwa ke Tribinal Siperyè oswa yon Jij Tribinal Minisipal finn akòde yon Lòd entèdiksyon/kontrent pwoche tanporè, yap pwograme yon odyans FRO devan yon jij ki tande dosye sou Koze Familyal nan Tribinal Siperyè a. Ni Pleyan ni Akize a fèt pou prepare pou odyans FRO a. Nan tribinal sa a, tout dosye Vyolans Familyal yo se dosye ka sivil yo ye, yo pa koze zak kriminel. Nan ka sa yo, tribinal la va aplike tout estandà sivil yo oswa chay prèv la olye de estandà prèv pou ka kriminel yo ki mande prèv odelà de yon dout rezonab. Nan ka sa yo se pwa prèv la pou yo prezante pou pwouve reklamasyon a. Sa vle di ke moun la fèt pou l pwouve reklamasyon liya ak degre prèv ke yo fèt pou demontre a (*estandà sivil la* mande yon pwobabilite de 51% ou plis, alòske *estandà pou zak kriminel yo* mande yon pwobabilite de 100%). Pleyan a (Moun ki depoze demann pou TRO a) chay prèv la tonbe sou do l nan yon odyans FRO.

Ou fèt pou asiste odyans final la. Ou gendwa prezante ak yon avoka; tribinal la pakab ba w yon avoka.

**Si se w ki Pleyan a**, ou fèt pou asiste odyans final la, menm si w ta deside anile demann lòd entèdiksyon/kontrent pwoche a. Odyans FRO kab fèt a distans sou platfòm videyo, kankou Zoom oswa Teams (Ale sou Paj Enstriksyon sou Odyans Koze Vyolans Familyal - *Domestic Violence Remote Hearing Instruction Sheet for Litigants*) pou tout Pledan yo, oubyen yo kab mande w pou prezante an pèsòn nan tribinal la. Si w ta bezwen modifye plent la sèlman, anvan odyans FRO a, ou gendwa depoze yon [Application to Amend Domestic Violence Complaint](#) (Aplikasyon pou Modifye Plent Vyolans Familyal la) epi soumèt plent ak tout chanjman yo nan Sistèm Dokiman Elektwonik Jidisyè a (Judiciary Electronic Document System/ JEDS). Si w bezwen fè chanjman sou lòd la anvan odyans FRO a, tanpri kontakte Seksyon Koze Familyal la kote yon pral tande ka w a.

Ou fèt pou prepare tèt ou, ak nenpòt ki temwen wap prezante nan odyans FRO a. Si w gen prèv ou ta renmen prezante nan odyans la, kankou foto, mesaj tèks, videyo elatriye, ou fèt pou kontakte tribinal la anvan odyans la pou ka resevwa tout enstriksyon ki gen rapò ak prèv sa yo.

- Ou pa fèt pou mennen timoun nan odyans final la amwens ke jij la ta mande w pou mennen yo. Si w gen timoun, epi w pral mande tribinal alokasyon pou timoun la, tanpri prezante ak oswa mete dènye souch chèk salè w, frè pou swen timoun, ak deklarasyon revni.
- Si w pap travay epi w ap resevwa alokasyon chomaj oubyen ou andikape, tanpri prezante ak prèv la.
- Si w ta manke sou obligasyon ou pou konparèt nan dat pwograme sa ta kab fè yo ranvwaye ka w a pou yon lòt jou ak/oswa lè, oubyen yo ta kab anile dosye w a.

**Si w se akize a** ou fèt pou asiste odyans la menm si pleyan a pral mande pou yo anile lòd entèdiksyon/kontrent pwoche a. Odyans sa a ta kab fèt a distrans sou platfòm videyo, kankou Zoom oswa Teams (Ale sou Paj Enstriksyon Vyolans Familyal pou Pledan yo), oubyen yo ta kab mande w pou konparèt an pèsòn nan tribinal la. Si w ta renmen fè rekou dapèl pou TRO w a, ou gendwa depoze demann pou [Application for Appeal and Order](#) (Aplikasyon pou rekou dapèl ak Lòd).

Ou fèt pou prepare tèt ou, ak nenpòt ki temwen wap prezante nan odyans FRO a. Si w gen prèv ou ta renmen prezante nan odyans la, kankou foto, mesaj tèks, videyo elatriye, ou fèt pou kontakte tribinal la anvan odyans la pou ka resevwa tout enstriksyon ki gen rapò ak prèv sa yo.

- Ou pa fèt pou mennen timoun nan odyans final la amwens ke jij la ta mande w pou mennen yo. Si w gen timoun, epi w pral mande tribinal alokasyon pou timoun la, tanpri prezante ak oswa mete dènye souch chèk salè w, frè pou swen timoun, ak deklarasyon revni.
- Si w pap travay epi w ap resevwa alokasyon chomaj oubyen ou andikape, tanpri prezante ak prèv la.
- **Si w ta manke sou obligasyon ou pou konparèt nan dat pwograme a le pli pwobab odyans tribinal la ap dewoule san ou epi yap emèt yon lòd FRO (Lòd Entèdiksyon/kontrent Pwoche) kont ou.**

## **Si w se Akize a, Li **Enpòtan** ke w li Seksyon Sa a**

Si yo emèt yon lòd entèdiksyon/kontrent pwoche kont ou, ou fèt pou konnen ke gen **kokenn chen sanksyon** ke yap enpoze sou w otomatikman.

- Non ou ap parèt sou yon lis santral pou vyolans familyal. Sa kab afekte travay w, lojman w, ak anpeche w sèvi de sous/oswa paran adoptif, oubyen li kab afekte lisans pwofesyonèl ou.
- **Yap pran anpwent** dijital ou epi yap ba w yon amann \$500.
- **Yap entèdi** w ale kote pleyan abite ak travay epi tou, yo ta kab entèdi frekante lòt lye adisyonèl ak/oswa frekante moun adisyonèl (kankou pa egzanp, fanmi pleyan a).

- Dwa de vizit ak pitit ou (pitit ou yo) **ta kab afekte** epi tou, tribinal la ta kab egzije w patisipe nan sèvis tribinal la òdone kankou asisste pwogram entèvensyon pou agresè, egzije w soumèt a yon evalyasyon pou moun ki abize sistans ilegal, oubyen soumèt ou a yon evalyasyon sikolojik/sikyatrik.
- **Ou pap gendwa** gen zam, Kat Idantite, oswa pèmi dacha toutotan FRO an vigè, oubyen pou yon peryòd de 2 lane, depandan de peryòd ka va pi long la.

Ke se Pleyan oubyen Akize, wa va gen opòtinite pou prezante ka w devan tribinal la. Pandan odyans FRO a, wa va bay enfòmasyon ( se sa yo rele *evidence*) prèv ba jij kap deside ka w a. Se jij la kab jije fè yo; pa gen jiri nan tip ka sa yo. Prèv ke w kab prezante yo gen ladann enfòmasyon ke swa w oubyen yon lòt moun va di jij la (se sa yo rele *testimony*) temwayaj, ansanm ak tout pyès kankou imèl ak mesaj tèks, dokiman yo, foto yo, ak tout atik yo (se sa yo rele *exhibits*) pyès a konviksyon oubyen pyès pou pwouve inosans ou.

Si w pa gen avoka, w ap bezwen konpile ak prezante prèv ou yo jan sa dwe fèt la. Tribinal yo gen règleman konsènan prèv yo pou jij la kab pran yon desizyon ki baze sou fè yo, pa sou tripotay oubyen sipozisyon. Tribinal la ap pèmèt ou prezante tout temwen ou yo, ak poze kesyon ba lòt pati ansanm ak temwen li yo (se sa yo rele *cross-examination*) Kont-entewogasyon. Byen ke règ yo kab kreye konfizyon, yo la pou pwoteje dwa w yo, epi w kab itilize yo pou ede w prepare pou konparisyon ou nan tribinal la.

Desizyon jij sou si ou pa lap akòde w demann pou FRO ap baze sou enfòmasyon ki bay la, kidonk, ou fèt pou vinni tou prepare ak nenpòt ki prèv ou genyen. Kèk egzanp de prèv jij la ta ka aksepte:

- temwayaj ou ki fèt pou gen ladann tout detay konsènan dat, kote, ak detay espesifik ensidan a,
- tout foto blesi vizib ak/oswa dega ki fèt sou pwopriyete a,
- tout kopi rapò lapolis yo, medikal, ak/oswa dantal,
- tout lèt ki gen menas ak lèt kote yap toumanje w oswa mesaj tèks,
- tout mesaj ak menas sou repondè oswa voicemail,
- tout dokiman finans, si se mande wap mande sipò finansye, ak/oswa
- temwen yo.

Yon fwa yo finn akòde yon FRO, li pap ekspire. Lòd la ap rete an vigè **a tou janmè** amwens ke tribinal la ta va anile li.

- Pleyan a kab mande pou anile l an pèsòn nan tribinal la oubyen pa telefòn.
- Akize a kab mande pou yo anile li tou men lap oblije prezante yon petisyon ki sou pakè dokiman CN 12420 - [How to Ask the Court to Dismiss a Final Restraining Order](#) (Kijan

pou Mande Tribinal la pou Anile yon Lòd Entèdiksyon/kontrent Pwoche Definitif) ke wap jwenn nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

Enskripsyon lòd la endepandan de nenpòt ki akizasyon kriminèl ke yo te depoze, epi emisyon yon FRO pa tribinal sa a pap afekte pwosedi sa yo. Mèzalò, yon vyolasyon de dispozisyon konsènan kontak ki sou lòd FRO a se yon krim li ye, ki ta kab koze arestasyon ak akizasyon kriminèl kont akize a.

## **Divè Fason pou Jwenn Èd pou Ka w a**

### **Travay ansanm ak yon Reprizantan Vyolans Familyal**

Si w se yon pleyan, ou kab chache pale ak yon reprizantan vyolans familyal. Yon reprizantan vyolans familyal se yon moun ki travay nan pwogram vyolans familyal lokal ou a. Reprizantan yo gen anpil konesans epi yo kab ofri sipò ak enfòmasyon espesyalize sou koze vyolans familyal. Yo kab bay enfòmasyon sou sèvis ki pi pre w, kankou ki kote pou jwenn yon avoka, oswa yon asistan legal, kijan pou jwenn konseye pou timoun, oubyenabri oswa èd pou lojman, ak rekomande yon kote ki ta kab sipèvizwa dwa de vizit paran yo.

Reprizantan vyolans familyal la pa ka sèvi w de avoka; mèzalò, yo kab akonpaye w nan tribinal pou ba w sipò. Yo kab ede w prepare pou odyans ou a tou, enkli ede w konekte a distans a odyans la, epi yo ta kab konnen avoka ki dispoze pran tip de dosye sa yo gratis oswa a pri redwi (sèvis legal aid).

Menm si w gen avoka, travay ansanm ak yon reprizantan vyolans familyal ta kab itil. Yo kab gen plis konesans sou vyolans familyal ke avoka a. Yo kab ede w mete sou pye yon plan sekirite. Ou kab jwenn yon reprizantan nan [tribinal lokal la](#) oubyen kontakte NJ Coalition to End Domestic Violence [njcedv.org](http://njcedv.org).

### **Itilize Sèvis Oryantasyon Jiridik la**

Si w pa gen mwayen pou peye yon avoka, ou gendwa kontakte pwogram sèvis jiridik yo. W ap jwenn nimewo telefòn yo an liy anba “Legal Aid” oswa “[Legal Services](#).” Si w pa ta kalifye pou resevwa sèvis legal gratis epi w bezwen èd pou jwenn yon avoka, ou gendwa kontakte Bawo nan konte w a. Pifò nan Bawo yo gen yon Sèvis Referans Avoka ([Lawyer Referral Service](#)). W ap jwenn enkli Yon anyè rekomandasyon avoka ak biwo sèvis legal nan dokiman sa a.

Si w gen mwayen pou anboche yon avoka, pran sa w pou entèvyeye plizyè avoka anvan ou anboche youn. Asire w ke w poze avoka kesyon sou frè reprizantasyon li yo ak kisa w kab atann ou. Mande nenpòt ki avoka w ta entèvyeye sou lòt dosye li jere konsènan vyolans familyal paske li nan enterè w pou jwenn yon avoka ki gen konesans sou koze vyolans familyal.

Pou jwenn eksplikasyon sou lwa Noudjèze ki gen rapò ak vyolans familyal ak sijesyon kèk mezi ou kab pran pou pwoteje w kont abi, enkli itilizasyon Lwa Prevansyon kont Vyolans Familyal pou jwenn yon lòd entèdiksyon/kontrent pwoche pou kenbe moun kap abize w a lwen,

vizite sit web Legal Services of New Jersey (LSNJ) (<https://www.lsnjlaw.org/Family-Relationships/Pages/default.aspx#>). Tit Direktiv la se “*Domestic Violence - A Guide to the Legal Rights of Domestic Violence Victims in New Jersey*” (Vyolans Familyal - Direktif sou Tout Dwa Legal Viktim Vyolans Familyal nan Noudjèze).

### **Mande Tribinal Lokal la**

Anplwaye tribinal yo pakab ba w konsèy legal paske yo fèt pou net ak san pati pri; mèzalò yo kab ede w jwenn resous pou debouye w poukont ou ak reponn tout kesyon sou kijan pou ranpli fòmilè yo, pwograme yon odyans oswa pwosedi an jeneral yo. Wap jwenn lis nimewo telefòn chak konte nan paj [Divizyon/Seksyon Lafanmi](#) (nan lang angle) kap anba tit *Domestic Violence Resources/County Phone Numbers for Temporary Restraining Orders*.

Èd adisyonèl disponib nan men Medyatè Enterè Piblik la. Nan sistèm jidisyè a, Medyatè Enterè Piblik la sse yon anplwaye net ki reponn tout kesyon, adrese tout enkyetid piblik la ak responsab amelyore sèvis a kliyantèl tribinal yo. Medyatè Enterè Piblik la kab ofri enfòmasyon referans ba lòt resous disponib yo. Yo kab genyen enfòmasyon sou avoka gratis oswa òganizasyon Sèvis Legal yo. Pou jwenn yon Lis kontak Medyatè Enterè Piblik la, ale sou [www.njcourts.gov](http://www.njcourts.gov).

Pou enfòmasyon adisyonèl sou vyolans familyal ale nan [Divizyon/Seksyon Lafanmi](#) hait [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

### **Rele Bibliyotèk lokal w a**

Bibliyotèk piblik yo gen zouti pou fè rechèch an liy, epi yo kab montre w kijan moun itilize li, kidonk nou ka di

## **Chwa aprè yon finn enskri yon (FRO)**

### **Kijan pou depoze yon rekou dapèl**

Yon rekou dapèl se yon demann kote w mande yon tribinal siperye verifye desizyon yon jij ak chanje desizyon jij la. Ou fèt pou fè demann la alekri pou yon rekou dapèl **nan 45 jou** aprè jij la finn deside ka a ak siyen yon lòd nan Tribinal Siperyè. Si w vle prezante yon demann pou rekou dapèl sou yon lòd ki emèt pa tribinal la, ou kab itilize pake nou a: CN 10837 - [How to Appeal a Trial Court, Tax Court or State Agency Decision](#) (Kijan pou fè rekou dapèl yon Tribinal premye enstans, Tribinal Koze Kontribisyon oswa Desizyon yon Ajans Leta), ke wa va jwenn sou [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

### **Kijan pou Chanje, Modifye oswa Egzekite yon FRO**

**Swa Pleyan oubyen Akize a** gendwa depoze yon demann pou chanje oswa fè ranfòse yon lòd entèdiksyon (Itilize CN 12093- [How to Enforce or Request a Change of a Domestic Violence Restraining Order or Sexual Assault Survivor Protection Order](#)). Kijan pou Egzekite oubyen mande Chanjman sou yon Lòd Entèdiksyon/kontrent Pwoche nan ka Vyolans Familyal oubyen Lòd Pwoteksyon yon sivivan Agresyon Seksyèl. Ou kab soumèt fòm la tou ranpli atravè Sistèm

Transmisyon Elektwonik Dokiman Jidisyè ([Judiciary Electronic Document Submission \(JEDS\) system](#)), oubyen ou kab voye yo ba tribinal la pa lapòs. Pou tout enfòmasyon sou kijan pou itilize, ale nan ([JEDS self-help page](#)).

**Si w se yon pleyan epi akize a vyole lòd entèdiksyon/kontrent pwoche a, ou fèt pou rele 911.**

**Ka mwen a tou nouvo (Aplikasyon ka tou nouvo pou bay bon jan rezon/Emergent Application Order to Show Cause)**

Yon odyans sou yon ka tou nouvo nan tribinal koze familyal la pou pwoteje timoun de domaj potansyèl ak domaj pèmanan. Ou kab prezante yon demann pou yon odyans ka tou nouvo lè w depoze yon Lòd pou bay bon jan rezon/[Order to Show Cause for FM, FD and FV Dockets](#).

**ANYÈ AVOKA REKOMANDE AK BIWO SÈVIS LEGAL KONTE A**

**ATRAVÈ TOUT LETÀ A**

**LEGAL SERVICES OF NEW JERSEY**

**P.O BOX 1357**

**EDISON, NJ 088818-1357**

**(732) 572-9100**

<b>KONTE</b>	<b>SÈVIS REFERANS AVOKA</b>	<b>SÈVIS LEGAL</b>
<b>ATLANTIC</b>	<b>(609) 345-3444</b>	<b>(609) 348-4200</b>
<b>BERGEN</b>	<b>(201) 488-0044</b>	<b>(201) 487-2166</b>
<b>BURLINGTON</b>	<b>(609) 261-4862</b>	<b>(609) 261-1088</b>
<b>CAMDEN</b>	<b>(856) 482-0618</b>	<b>(856) 964-2010</b>
<b>CAPE MAY</b>	<b>(609) 463-0313</b>	<b>(609) 465-3001</b>
<b>CUMBERLAND</b>	<b>(856) 696-5550</b>	<b>(856) 691-0494</b>
<b>ESSEX</b>	<b>(973) 622-6204</b>	<b>(973) 624-4500</b>
<b>GLOUCESTER</b>	<b>(856) 848-4589</b>	<b>(856) 848-5360</b>
<b>HUDSON</b>	<b>(201) 798-2727</b>	<b>(201) 792-6363</b>
<b>HUNTERDON</b>	<b>(908) 200-7822</b>	<b>(908) 782-7979</b>
<b>MERCER</b>	<b>(609) 585-6200</b>	<b>(609) 695-6249</b>
<b>MIDDLESEX</b>	<b>(732) 828-0053</b>	<b>(732) 249-7600</b>
<b>MONMOUTH</b>	<b>(732) 431-5544</b>	<b>(732) 414-6750</b>
<b>MORRIS</b>	<b>(973) 267-6089</b>	<b>(973) 285-6911</b>
<b>OCEAN</b>	<b>(732) 240-3666</b>	<b>(732) 608-7794</b>
<b>PASSAIC</b>	<b>(973) 345-4585</b>	<b>(973) 523-2900</b>
<b>SALEM</b>	<b>(856) 935-5629</b>	<b>(856) 691-0494</b>
<b>SOMERSET</b>	<b>(908) 685-2323</b>	<b>(908) 231-0840</b>
<b>SUSSEX</b>	<b>(973) 267-6089</b>	<b>(973) 383-7400</b>
<b>UNION</b>	<b>(908) 353-4715</b>	<b>(908) 354-4340</b>
<b>WARREN</b>	<b>(908) 387-1835</b>	<b>(908) 475-2010</b>